# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 सितम्बर 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में भारी बरखा अउर बैराजन से पानी छोड़इले के नाते येह समय कई जिला बाढ़ि से परभावित बा। राज्य क कई गो नद्दी अबहिनों उफान पर हइनि। गाजीपुर अउर बलिया में गंगा खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहलि हौ। अजोध्या अउर तुर्तीपार बलिया में घाघरा नदी क जलस्तरो खतरा के चिन्हा से उप्पर पहुंचि गइल हौ। चित्रकूट के राजापुर में यमुना नदी क जलस्तर लगतारे बढ़ि रहल हौ। ओइजा के कई इलाकन में मंदाकिनी नदी के नाते बाढ़ि क हालति पैदा हो गइल बा। मुख्यमंत्री आजु बाढ़ि क जायजा लेवे बदे चित्रकूट पहुंचलें। उहां के बाढ़ि से सबसे बेसी परभावित रामघाट क्षेत्र क निरीक्षण कइलीं अउर अधिकारियन से राहति आ बचाव कार क जनकारी लिहलीं। येह मौका पर उहां के लोगिन से कहलीं कि येह आपदा के घड़ी में सरकार पुरहर मजबूती से उनके साथे खड़ी बा।

***आपदा की इस घड़ी में आप अकेले नहीं हैं बल्कि डबल इंजन की सरकार आपके साथ खड़ी है। जिस दिन यहां पर अचानक पानी आया था, मैं उस दिन बलिया में बाढ़ प्रभावित क्षेत्रों के दौरे पर था। मैंने तत्काल लखनऊ में डीजी पीएसी को कह कर के एसडीआरएफ और पीएसी की अतिरिक्त कंपनियां को चित्रकूट के लिए रवाना करवाया।***

मुख्यमंत्री चित्रकूट में बाढ़ि से परभावित परिवारन में राहति क समान बंटलें। सथहीं आश्रयहीन परिवारन के आवास बदे भूमि आवंटन प्रमाण पत्र दिहलें।

ओहर, प्रदेस के करीब सज्जो पूरबी जिलन में बादर छवले बा आ रूकि–रूकि के छिटपुट बरखा क सिलसिला जारी बा। मौसम विभाग अगिला चारि दिन ले प्रदेस के पूरबी इलाकन में भारी बरखा क चेतावनी जारी कइले हौ।

**********

उत्तर प्रदेश लोक सेवा आयोग क प्राविधिक शिक्षा अध्यापन परीक्षा–दुइ हजार पचीस आजु दुइ पाली में आयोजित कइल गइल। ई परीक्षा लखनऊ के सथहीं प्रदेस के छौ जिलन में करावल गइल। परीक्षा बदे प्रयागराज में पचीस, मेरठ में 33, कानपुर में 28 अउर गोरखपुर में 44 केंद्र बनावल गइल रहल। परीक्षा के नकलविहीन आ सान्तिपूर्ण ढंग से पूरा करावे बदे पुरहर इंतिजाम कइल गइल रहे। ई परीक्षा ओन्नइस बिसयन क व्याख्याता पदन बदे आयोजित भइल।

**********

नेपाल में आइल बिनासकारी बाढ़ि में मरे वालन क संख्या एक हजार तीनि सौ चउवालीस हो गइल हौ, ओहीं पांच सौ नब्बे बिदेसी नागरिकन के सथहीं करीब पांच हजार लोगि अबहिनों लापता हवें। अबले तेरह हजार एक सौ से बेसी लोगिन के बचावल जा चुकल बा। मृतकन क पहिचान बदे डीएनए परीक्षण क सहायता लिहल जा रहल हौ। बारह सौ सत्तर अज्ञात सवन क विवरण नेपाल पुलिस के वेबसाइट पर दीहल गइल हौ। भारत अउर चीन के टीमिनि के सहजोग से कई गो पनबिजुली परियोजना में बचाव अभियान अबहिनों जारी बा।

**********

प्रदेस क पूर्व उप मुख्यमंत्री अउर राज्यसभा सदस्य डॉक्टर दिनेश शर्मा के अण्डमान निकोबार क उप राज्यपाल नियुक्त कइल गइल हौ। उहां के वर्तमान उप राज्यपाल डीके जोसी क जगहि लेइबि। उप राज्यपाल पद पर नियुक्त भइले के बाद आकाशवाणी समाचार से खास बातचीत में डॉक्टर दिनेश शर्मा कहलें कि प्रधानमंत्री जी जवन भरोसा उनके पर जतवले हवें ऊ ओके पूरा करबि।

**अब मैं... मैं समझता हूँ कि यह एक... हर जिम्मेदारी बड़ी होती है। अब जो प्रधानमंत्री जी का विश्वास है, उसको पूरा करूँ, यही मेरी इच्छा है। हमेशा मैं एक कार्यकर्ता की तरह रहा हूँ। तो जो भी हमारे पार्टी का नेतृत्व आदेश देता है, वो सिद्ध करना हमारा काम है।**

**********

चीनी क जमाखोरी अउर सट्टेबाजी रोके बदे केन्द्र सरकार चीनी के भण्डारण क सीमा चारि हजार कुंटल से घटा दुइ हजार कुंटल कइ दिहले हौ। सथहीं देस में पियाजु क बढ़त दाम के नियंत्रित करे बदे सरकार सुरक्षित भण्डार से पियाजु बजारि में भेजल सुरू कइ दिहले हौ। चीनी के भण्डारण क नया सीमा येह महिन्ना के पनरह तारीख से तीस नवम्बर ले लागू रही।

**********

उत्तर प्रदेश के वैश्विक वस्त्र केन्द्र के तौर पर विकसित कइले के उद्देस्य से आवे वाला आठ अउर नौ सितम्बर के लखनऊ में यूपी टैक्स–दुइ हजार छब्बीस क आयोजन कइल जाई। येह ले के नोएडा में यूपी टैक्स–दुइ हजार छब्बीस क कर्टेन रेजर अउर रोड–शो आयोजित कइल जा चुकल हौ। आयोजन क तइयारी अब आखिरी फेरा में बा।

**********

कानपुर जिला के साढ़ थान्हा क्षेत्र के हिरनी गांव में रूकि–रूकि के हो रहल बरखा के बिच्चे आजु दुइ मंजिला कच्चा मकानि ढहि गइल। मकानि के मलबा में दबि के पिता अउर ओकरे तीनि बेटियन क मउति हो गइल ओहीं, एक बेटी के गम्हिराहे घाही हालति में इलाज बदे अस्पताले पहुंचावल गइल।

ओहर, सम्भल जिला के बहजोई कोतवाली इलाका में आजु ट्रक से तिपहिया गाड़ी के लड़ि गइले के नाते गाड़ी में बइठल छौ जने क मउति हो गइल ओहीं, कई जने अउरियो घाही हो गइले। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह दुरघटना पर गहरा दुख जतवले हवें। उहां के मृतकन के परिजन से बतिया के हर सम्भव सहायता उपलब्ध करवले क अधिकारी लोगिन के निरदेस दिहलें।

**********